



# READY NEW YORK

## PLAN POU IJANS



POU

## BÈT KAY MWEN



Mete yon foto koulè ou ak bêt  
kay ou la a. Sa kapab ede nou  
reyini ou sizoka nou separe.

## ENFÒMASYON MWEN YO

Enprime tanpri. Si ou wè dokiman an sou  
fòm yon PDF, klike sou zòn ki make a pou  
tape enfòmasyon yo.

Non:

Adrès:

Telefòn:

Telefòn selilè:

Imèl:

Bèt kay yo fè pati fanmi an. Paske yo se manm fanmi ou, ou ta dwe mete yo nan plan pou ijans ou. Li dokiman sa a pou aprann fason ou kapab asire pwoteksyon bète kay ou pandan yon ijans.



## FÈ YON PLAN POU BÈT KAY OU



## RASANBLE PWOVIZYON



## CHÈCHE JWENN ENFÒMASYON

Telechaje **Ready New York: Plan-Dijans**

**mwen** pou kreye yon plan pou ijans pou ou ak fanmi ou depi ou ale nan sitwèb NYC.gov, oswa depi ou rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115) pou mande yon kopi gid la. Oswa, telechaje aplikasyon gratis Ready NYC an pou aparèy iOS oswa Android ou pou kreye plan ou pandan ou nan deplasman.

## FASON POU DEPLASE AVÈK BÈT KAY OU

Reflechi sou kote ou pral ye avèk bét kay ou ak fason w ap rive la si ou dwe kite lakay ou pandan yon ijans. Lè w ap planifye pou deplase akòz yon ijans:

- Fè aranjman pou fanmi ou oswa zanmi ou ki deyò zòn ki afekte a pou bay bét kay ou abri.
- Identife otèl ki aksepte bét kay epi ki pa nan zòn ki afekte a.
- Pale avèk veterinè lokal ou, nich ou oswa sant ki bay swen pou bét kay pou wè si yo kapab ofri ou abri ki pwoteje pou bét kay ou pandan yon ijans.
- Kreye yon Valiz pou Deplase pou bét kay ou oswa pou bét sèvis ou (Gade Lis Tout Sa pou Mete nan Valiz pou Deplase).
- Fè pratik plan deplasman yo pou fè bét kay ou abitye avèk metòd la epi pou fè li vin pi alèz.
- Konnen kote bét kay ou renmen kache yon fason pou ou kapab jwenn li san pwoblèm pandan yon ijans.
- Toujou sonje yon bét kay ki gen estrès ka konpòte li yon fason ki diferan pase nòmal epi nivo estrès li ka ogmante. Itilize yon mizo pou anpeche li mòde moun. Epitou sonje bét kay ki gen laperèz ka eseye sove.

## BÈT KAY AK TRANSPÒ PIBLIK

- Ou gen pèmisyon pou w monte avèk bét kay ou ki nan sak nan metwo, otobis ak tren MTA yo.
- Lè otorite yo deklare yon lòd pou deplasman, y ap aksepte bét kay ki twò gwo pou sak yo, depi bét yo gen mizo, epitou depi yo sou kontwòl nan yon kòd ki solid ki pa pi long pase kat (4) pye. Minisipalite Vil la pral anone kilè règleman sa a ap anvigè.

## YON NÒT KONSÈNAN BÈT KAY AK ABRI POU IJANS

Sizoka yo louvri sistèm abri pou ijans Vil la, epi ou pa kapab bay bét kay ou abri nan yon nich oswa lakay zanmi oswa manm fanmi ou ki deyò zòn deplasman an, y ap aksepte bét kay yo nan tout sant deplasman Vil la. Tanpri pote rezèv pou pran swen bét kay ou, tankou manje, kòd, yon sak, ak medikaman. Pote atik pou ranmase poupou bét kay ou. Yo aksepte sèlman bét kay ki legal. Yo toujou aksepte bét sèvis yo.

# DEVLOPE YON PLAN

## IDANTIFIKASYON KÒRÈK

- Chen ak chat yo ta dwe mete yon kolye oswa yon hanè, etikèt anti-rabik, ak etikèt idantifikasiyon toutan. Etikèt idantifikasiyon yo dwe gen ladan non ou, adrès ou ak nimewo telefòn ou, ak nimewo telefòn yon moun pou kontakte si gen ijans.
- Chen yo dwe mete yon lisans tou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon lisans, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115).
- Pale avèk veterinè ou, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115), oswa ale nan sitwèb NYC.gov pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou mete transpondè (microchip) sou bêt kay ou. Yon transpondè ki anrejistre kòrèkteman ap fasilité idantifikasiyon pozitif bêt kay ou si oumenm ak bêt kay ou separe.

Nimewo Anrejistreman

Ras:

Nimewo Lisans:

Nimewo ID Transpondè:



Note enfòmasyon enpòtan sou bët kay ou yon fason pou kapab jwenn aksè nan enfòmasyon yo san pwoblèm pandan yon ijans.

## ENFÒMASYON ENPÒTAN

Dat li fèt:		
Sèks:		
Ras:		
Koulè:		
Koulè Zye:		
Mak ki Distenge li:		
Alèji:		
Pwoblèm Medikal:		
Medikaman ak Dòz yo:		

Lis Vaksen li Pran Deja:	Dat la	Detay yo

Famasi:		
Adrès:		
Telefòn:		
Faks:		
Imèl:		

## FÈ YON LIS KONTAK POU IJANS

Anvan yon ijans, fè yon lis kontak yo pou ijans.  
Kenbe yon kopi lis sa a nan Valiz pou Deplasman  
bèt kay ou.

Veterinè Lokal:	
Adrès:	
Telefòn:	
Imèl:	
Lòt Veterinè:	
Adrès:	
Telefòn:	
Imèl:	
Moun pou Kontakte si ta gen Ijans:	
Telefòn:	
Telefòn selilè:	
Imèl:	
Pansyon pou Bèt:	
Adrès:	
Telefòn:	
Imèl:	
Otèl ki Aksepte Bèt Kay:	
Adrès:	
Telefòn:	
Imèl:	
Abri Lokal pou Bèt:	
Adrès:	
Telefòn:	
Imèl:	

## KÈK TI KONSEY POU KONTWOLE TI BÈT KAY PANDAN IJANS YO

### Zwazo


- Pote ti zwazo yo nan ti sak ki fèmen.
- Eseye diminye chanjman tanperati a nèt. Itilize boutèy espre pou wouze nan tan cho ak yon boutèy dlo tyèd pou chofe nan tan frèt.
- Eseye diminye gwo chanjman yo nèt nan bwi epi kite kaj la kouvri pou kenbe zwazo (yo) kalm.

### Anfibyen/Reptil

- Pote anfibyen yo nan sache plastik fèmen ki gen dlo oswa nan yon resipyen plastik ki gen twou pou van pase ladan yo.
- Pote reptil yo nan yon sak zòrye, sak twal, oswa ti sak, epi transfere bète kay la nan yon kaj ki fèmen imedyatman ou kapab fè sa.
- Itilize yon boutèy espre pou kenbe bète kay yo fre ak yon tanpon chofaj oswa lanp chofaj ki fonksyoné avèk batri pou kenbe bète kay yo cho.
- Eseye diminye chanjman yo nèt nan tanperati a, ekleraj, ak rejim alimantè.
- Pa melanje espès yo.

### Lòt Ti Bète yo

Ou kapab pote ti bète tankou hamstè, jèbil, sourit, rat, ak kochondenn avèk yon sak ki kouvri, yon kaj oswa yon bwat ki fèmen. Pou diminye estrès la nèt, kenbe sak la kouvri epi eseye diminye gwo chanjman yo nèt nan tanperati ak nan bwi.





## **SI OU PA KAPAB MENNEN BÈT KAY OU LAKAY OU**


Kèt ijans ka anpeche ou retounen lakay ou.  
Lè w ap planifye pou ijans sa yo:

- Identifie yon zanmi, yon vwazen oswa yon gadyen bêt kay ou fè konfyans pou bêt kay ou pandan ou pa la. Moun sa a ta dwe gen yon twouso kle kay ou, li ta dwe abitye avèk kay ou ak bêt kay ou, li ta dwe konnen plan ou pou ijans, epitou li ta dwe gen enfòmasyon pou kontakte ou.
- Mete oto-kolan nan pòt antre prensipal lakay ou pou alète travayè sekouris yo pou fè yo konnen kantite ak kalite bêt kay ki andedan an. Chanje enfòmasyon ki nan otokolan yo chak sis (6) mwa. Ou kapab fè kòmann otokolan Alèt pou Sekou gratis nan ASPCA nan [ASPCA.org](http://ASPCA.org).
- Mete yon kolye/hanè, kòd, sak, ak Valiz pou Deplasman bêt kay ou yon kote yo kapab jwenn li san pwoblèm.

Bèt kay yo ta dwe gen Valiz pou Deplasman pa yo – yon resipyen solid, ki fasil pou pote, tankou yon sakado oswa valiz sou woulèt – ki ta dwe fasil pou jwenn si ou gen pou kite kay ou nan yon mache-prese, epitou mete atik sa yo ladan:

- Yon dènye foto koulè ou ak bêt kay ou ansanm (sizoka nou separe)
- Kopi dosye medikal yo ki endike dat vaksinasyon ak yon lis medikaman bêt kay ou ap pran ak rezon ki fè l ap pran medikaman yo
- Prèv idantifikasiyon ak posesyon, ansanm ak kopi enfòmasyon sou anrejistreman, papye adopsyon, prèv acha a, ak enfòmasyon sou transpondè a
- Deskripsyon fizik bêt kay ou, ansanm ak espès, ras, laj, sèks, koulè, patikilarite ki distenge li, ak nenpòt lòt enfòmasyon vital sou karakteristik yo ak konpòtman an
- Twous premye sekou pou bêt la, ansanm ak tretman pou pis ak tik, ak lòt atik veterinè ou rekòmande
- Manje, dlo, ak asyèt pou omwen twa (3) jou
- Kaj oswa sak pliyan
- Mizo\* ak kòd
- Dra koton pou mete sou sak la pou ede kenbe bêt la kalm
- Jwèt ak gatri pou fè bêt la alèz
- Pay sèch, kivèt ki gen pay sèch, ak pè
- Sache plastik pou fè netwayaj
- Lòt atik:

(\*Nòt: Ou ta dwe itilize mizo naylòn yo sèlman pou yon ti tan paske yon kapab mete restriksyon sou mwayen yon chen pou pran souf.)






## METE ANSAMM YON TWOUS REZÈV POU IJANS POU BÈT KAY

Mete rezèv pou bét kay nan Twous pou Ijans pa ou – gwoup rezèv ou bezwen pou viv nan yon kay pandan omwen twa (3) jou.

- Manje bét kay. Si ou itilize manje ki imid, sonje pou genyen ti bwat ki kapab louvri fasil oswa yon kle pou louvri bwat yo alamen. Chanje atik manje ak atik dlo yo chak sis (6) mwa pou yo pa ekspire.
- Dlo. Dezidratasyon se yon risk sante ki grav pou bét yo. Kontakte veterinè ou pou wè ki kantite dlo bét kay ou bezwen chak jou.
- Sache plastik, jounal, resipyen, ak atik pou netwayaj pou kontwole bét kay ou.
- Lòt atik:





MÈSI POUTÈT OU PREPARE BÈT KAY OU!  
**FELISITASYON!**

## **RESOUS VIL NEW YORK**

Sof si ou jwenn lòt nòt, rele 311 (212-639-9675 pou Sèvis Relè Videyo, oswa TTY: 212-504-4115) oswa ale nan sit wèb NYC.gov pou kontakte ajans Minisipalite Vil la.

### **Biwo Jesyon Ijans Vil Nouyòk (NYC Office of Emergency Management)**

NYC.gov/emergencymanagement  
@nycemergencymgt  
www.facebook.com/  
NYCeergencymanagement

### **Ready New York: Gid pou Plan-Dijans mwen**

NYC.gov/readyny

### **Enfòmasyon sou Preparasyon Ready New York**

NYC.gov/readyny

### **Depatman Sante ak Sante Mantal Vil Nouyòk (NYC Department of Health & Mental Hygiene)**

NYC.gov/health

### **Notify NYC – Sous pou Dènye Enfòmasyon sou Ijans Vil la**

NYC.gov/notifynyc  
@NotifyNYC

Pou enskri, telechaje aplikasyon mobil gratis la, vizite NYC.gov/notifynyc, rele 311, oswa swiv @NotifyNYC sou Twitter



## **PLIS RESOUS**

**Swen ak Kontwòl Bèt Vil Nouyòk  
(Animal Care & Control of New York City)**  
www.nycacc.org, oswa rele 311 (212-639-9675  
pou Sèvis Relè Videyo, oswa TTY:  
212-504-4115)

**Sosyete Imen Nouyòk  
(Humane Society of New York)**  
www.humanesocietyny.org,  
oswa rele 212-752-4842

**Sosyete Ameriken pou Prevansyon  
Mechanste sou Bèt (American Society  
for the Prevention of Cruelty to  
Animals, ASPCA)**  
www.aspca.org, oswa rele 212-876-7700

## **RESOUS MWEN YO**

Mete pwòp resous enpòtan ou yo ak  
nimewo telefòn ou yo la a.

## **Gid sa disponib tou sou fòma odyo ak nan lang sa yo ki pi ba.**

### **Arabic**

زُر [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) للحصول على نسخ باللغة العربية من هذا الدليل.

### **Bengali**

এই নির্দেশিকাটির বাংলা কপির জন্য [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) দেখুন

### **Chinese**

請撥打 311 或訪問 [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny)，獲得本指南的中文版本。

### **English**

Call 311 or visit [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) for copies of this guide in English.

### **French**

Visitez [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) pour obtenir des exemplaires de ce guide en français.

### **Haitian Creole**

Ale nan sitwèb [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) pou jwenn kopi gid sa a nan lang Kreyòl Ayisyen.

### **Italian**

Visita il sito [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) per ricevere una copia di questa guida in italiano.

### **Korean**

한국어로 된 안내서 사본은 [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny)를 방문하십시오.

### **Polish**

Kopia w języku polskim jest opublikowana pod adresem [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny).

### **Russian**

Позвоните по номеру 311 или посетите сайт [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny), чтобы получить эту брошюру на русском языке.

### **Spanish**

Llame al 311 o visite [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) para obtener acceso a este folleto en español.

### **Urdu**

اس رہنمہ پڑھ کی کپی اردو زبان میں حاصل کرنے کے لیے [NYC.gov/readyny](http://NYC.gov/readyny) ملاحظہ کریں۔